# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–14 जून 2025 भोजपुरी समाचार

सरकार अहमदाबाद विमान दुरघटना के कारण क जांचि बदे उच्चस्तरीय बहुपक्षीय समिति गठित कइले हवे। नागर विमानन मंत्रालय कहले हवे कि ई समिति वर्तमान मानक संचालन प्रक्रिया अउर अइसन घटना के रोके आ निपटे बदे जारी दिसा–निरदेस क जांचि करी। समिति, भविस्य में अइसन दुरघटना से निपटे बदे पुरहर दिसा–निरदेसो क सुझाव देई। सरकार कहले हवे कि ई समिति कई गो संस्थानन की ओरि से कइल जा रहल जांचि से अलगि होई अउर अइसन घटना से निपटे बदे मानक संचालन प्रक्रिया तइयार कइले पर धियान देई।

नागर विमानन मंत्री राम मोहन नायडू कहले हवें कि जांचि चलि रहल हौ। विमान में साढ़े छौ सौ फीट के ऊंचाई पर खराबी आइल रहे अउर पायलट इमरजेंसी क सूचना दिहले रहल। उहां के कहलीं कि नागर विमानन मंत्रालय येह हादसा क हर पहलू से जांचि कइ रहल हौ।

येह बिच्चे, दुरघटना में विमान में सवार दुइ सौ एकतालीस यात्री अउर मेडिकल छात्रन के सथहीं दुइ सौ चउवन लोगिन क मउति क पुस्टि भइल हौ।

**********

नागरिक उड्डयन मंत्री के राम मोहन नायडू आजु बतवलें कि नागरिक उड्डयन महानिदेसालय डीजीसीए भारतीय विमान बेड़ा में मौजूद चौंतीस बोइंग सात सै सतासी विमानन क विस्तारित निगरानी बदे आदेस दिहले हवें। उहां के कहलीं कि ओहमें से आठ क जुरते निरीक्षण कइल जा चकल हौ। आजु नई दिल्ली में मीडिया से बतियावत उहां के ई जनकारी दिहलीं।

**********

केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने लखनऊ में साठि हजार दुइ सौ चउवालीस पदन पर चयनित नागरिक पुलिस क जवानन के नियुक्ति पत्र वितरण कार्यक्रम में हिस्सा लीहें। आयोजन के दौरान पचास जवानन के मंच पर उनकी ओरि से नियुक्ति पत्र दीहल जाई। ई आयोजन रायबरेली रोड पर वृंदावन योजना मैदान में होई। हमरे प्रतिनिधि बतवलें कि कार्यक्रम के ले के लखनऊ में सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम कइल गइल हौ अउर कई गो खास राहिन पर ट्रैफिक में बदलाव कइल गइल हौ।

**********

आयुष मंत्री प्रताप राव जाधव कहले हवें कि योग वैस्विक कल्याण बदे भारत क महत्वाकांक्ष के परदरसित करे ला। नई दिल्ली में वैश्विक शिखर सम्मेलन–योग कनेक्ट में श्री जाधव कहले हवें कि योग भारत की ओरि से विस्व सांति बदे पूरा संसार खातिर एगो उपहार अउर विरासत हौ।

**योग डायबिटीज के प्रावधान, हृदय स्वास्थ्य में सुधार और यहां तक कि कैंसर रोगियों और बुजुर्गों को उनकी बीमारी से बेहतर तरीके से निपटने में मददगार है। योग सिर्फ आध्यात्मिक और ध्यान का ही अभ्यास नहीं है बल्कि यह स्वास्थ्य क्षेत्र में रोजगार के अपार अवसर भी प्रदान करता है।**

येह मौका पर संस्कृति अउर पर्यटन मंत्री गजेंद्र सिंह शेखावत कहलें कि योग धरम, लिंग अउर भासा क सीमा से परे हौ।

**योग भारत की प्राचीन परंपरा का अमूल्य उपहार है। ये मन, शरीर की एकता, विचार और क्रिया, संयम और पूर्ति, मनुष्य और प्रकृति के बीच में सामंजस्य, स्वास्थ्य और कल्याण के लिए एक समग्र दृष्टिकोण का प्रतीक है।**

**********

प्रदेस भर में आजु विश्व रक्तदाता दिवस मनावल गइल। येह मौका पर लोगिन के रक्तदान बदे जागरूक कइल गइल अउर रक्तदान सिविरन क आयोजन कइ के स्वैच्छिक रक्तदान करावल गइल। सथहीं कई जिलन में रक्तदाता लोगिन के सम्मानितो कइल गइल। बनारस जिला में बनारस रेल इंजन करखाना परिसर में आयोजित रक्तदान सिविर में पुरहर उछाह के साथे रक्तदान भइल। गोरखपुर में हिन्दुस्तान रसायन उर्वरक लिमिटेड क प्रबंध निदेसक एसपी मोहंती रक्तदान कइ के लोगिन से रक्तदाता बनले क अपीलि कइलें। जौनपुर जिला में पुलिस अधीक्षक रक्तदाता लोगिन के सम्मानित कइलें।

**********

राष्ट्रीय पात्रता सह प्रवेस परीक्षा–नीट यूजी दुइ हजार पचीस– मेडिकल में दाखिला बदे रेजल्ट आजु घोसित कइल गइल स्कोर कार्ड परीक्षा क आधिकारिक वेबसाइट एनटीए नीट डॉट एनआईसी डॉट इन पर उपलब्ध हौ।

**********

बनारस जिला क मिर्जामुराद थान्हा इलाका के कछवां रोड ओवरब्रिज के लग्गे आजु दिन में एगो ट्रक के टक्कर से तेज रफ्तार कार डिवाइडर से लड़ि गइल। येह हादसा में तीनि जने क मउति हो गइल जबकि एगो मनई घाही हौ। ई दुरघटना ओह समय भइल जब प्रयागराज की ओरि से आ रहल कार के ओही दिसा से आ रहल ट्रक ठोकर मारि दिहलस। एहमें एक जने क ओहिजुकवें मउति हो गइल जबकि दुइ लोगि इलाज के दौरान दम तूरि दिहलें।

**********

मौसम विज्ञान विभाग सतरह जून से बीस जून ले प्रदेस के पुरबी इलाकन में कई जगहिनि पर गरज–चमकि के साथे बौछार परले अउर बरखा भइले क ओम्मेद जतवले हौ। विभाग के मोताबिक ओन्नइस अउर बीस जून के पच्छिमी उत्तर प्रदेसो में ईहे हालति रही। विभाग क पूर्वानुमान के हिसाबि से प्रदेस के पूरबी अउर पच्छिमी इलाकन में अजुए से कहीं–कहीं बरखा क सम्भावना बनल हौ। विभाग आवे वाला पांच दिन में अधिकतम तापमान में पांच से सात डिगिरी सेल्सियस, जबकि न्यूनतम तापमान में चारि से छौ डिगिरी सेल्सियस गिरावट क सम्भावनों जतवले हौ।

**********